ПРАГÆ, 10 апрель. (СЦТА). Æппындæр гуырысхойаг нæу, æнгом æмгуыст кæнгæйæ, Чехословакийæн, Венгри æмæ Польшæйæн сæ бон суæвын кæй у Европæ æмæ сыхаг бæстæтæн зæрдæмæдзæугæдзæр æмæ рæвдздæр æмгуыстгæнджытæ суæвын, континенты цы хъуыддæгтæ цæуы, уыдонмæ зынгæ стырдæр хай бахæссын, загъта газет «Руде право»-йæн интервьюйы Республикæ Польшæйы президент В. Ярузельский.

Мæнмæ гæсгæ, загъта уый, дзурын æмбæлы Европæйы тыххæй Атлантикæйæ

ЛИВАН. Дæргъвæтин æмæ тугкалæн мидбæстон хæстыты ацы бæстæ æрцыд рауатмæ.

КЪАМЫ: стыр у ацы палестинæйаг сылгоймаджы хъыг. Уымæн йæ хъæбултæ фæмард сты, фæлæ баззадысты уыдоны сывæллæттæ. Сæ хъысмæтыл у зæронд сылгоймаджы сагъæс.

СЦТА-йы фотохроникæ.

ЧИНГУЫТЫ «ДОХТЫРТÆ»

Межгорьейы районы сывæллæтты библиотекæйы арæзт æрцыд чингуыты «дохтырты» къорд. Уыдон, ахуырæй уæгъд рæстæг, «дзæбæх кæнынц» чингуытæ. Æрмæст ацы азы райдайæнæй нырмæ базыл дысты 200 чиныгмæ. Ныр та фæстæмæ къухмæ рай сынмæ бæззынц. Библиотекæмæ нудадзыг чи цæуы, уыдон тынг бузныг сты чингуыты æрыгон «дохтыртæй».

Ахæм къордтæ фæзындис районы ыннæ библиотекæты дæр.

ХÆЛАРДЗИНАД

Венгрийы «Кооптурист» æмæ облæсты туристон организацитæн ис хорз бастдзинæдтæ. Уый фæрцы дыууæ бæстæйы дæсгай мин цæрджытæн фадат ис ССР Цæдисы æмæ Венгрийы зæрдылдарæн бынæттæ фенынæн.

Фæскарпаттæн уæлдай хуыздæр бастдзинæдтæ нс Саболч-Сатмарскы облæстимæ.

Æрæджы Мукачевы уыдис дыууæ облæсты туристон организацити нумæйаг конференцы. Уым бæлвырд æрныхас кодтой ивгъуыд азы куысты бæрæггæнæнтыл. Сыйсан кодтой сæ дарддæры архайд ноджы фæхуыздæр кæныны мадзæлттæ.

ИУМÆЙАГ ИЗÆР

Хæларæй цæрынц Ужгороды облæстон украинаг музыкалон-драмон театры æмæ механикон заводы коллективтæ. Арæх сын вæйны фембæлдтытæ. Æрæджы та сын уыдис иумæйаг нзæр, æмæ йæ арвыстой зæрдæрухсæй. Театры коллектив равдыста спектакль «Здравствуйте, я ваша тетя». Артисттæ ма бакастысты юмористон, радзырдтæ, æмдзæвгæтæ.

Хæсджынæй нæ баззад куыстуаты коллектив дæр. Хорз концерт равдыстой заводы фольклорон ансамбль «Закарпатские узоры» æмæ адæмон зарджыты къорд.

КОЛХОЗЫ ХÆРÆНДОН

Иршавскы районы колхоз «Перше травня»-йы байгом стыр хæрæндон.

— Горæты дæр ахæм хъæздыг æмæ рæсугъд хæрæндон не ссардзынæ, — сæрыстырæй фæзæгъынц колхозонтæ.

Æмæ æцæгдæр, хæрз арæзт у хæрæндон, æдде бакæсгæйæ дæр, мидæгæй

Æрдзы хæлæрттæ

Скъоладзаутæн мидисджын беседæтæ саразы хъæууонхæдзарадон институты ахуыргæнæг Цæболты Раман.

Раппæлинаг сты дидинджыты куыстгæнæг къорды увитæ дæр. Къорды архайджытæ фыдæр сты Орджоникидзейы 17-æм астæукkаг скъолайы ахуыргæнинæгтæ. Уыдон арæх саразынц дидинджыты равдыстытæ.

Фæсте нæ зайынц дыргъы куыстгæнджытæ дæр. Ацы бонты сты æнæвдæлон. Æхсæдынц бæлæстæ, къахынц сын сæ бынтæ. Цæгъдынц сæ чъырæй.

Мæскуымæ Æппæтцæдисон равдыстмæ ну æмæ дыууæ хатты нæ ацыдысты ирыстойнаг æвзонг натуралисттæ. Ивгъуыд азы сæ зæххæй хъæздыг тыллæг кæй систой, уый тыххæй сæ схорзæхджыны кодтой майдантæ æмæ Кады грамотæтæй.

Æвзонг натуралисты станцæйы кусджытæ сабытæн нуладзыг дзурынц, æрдз фыдбылызæй бахъахъхъæнынæн цæвæр мадзæлттæ æразын хъæуы, уый тыххæй.

— Ноджы хъæздыхдæрæй архайдзыстæм ахуырдзауты фæллойадон хъомыладыл, цæмæй уарзой зæхх, — зæгъы æвзонг натуралисты станцæйы директоры хæдивæг Елуаты З.

ГУЛИТЫ А.

ФÆСКАРПАТТЫ ОБЛÆСТЫ

АУДЫНЦ КУСДЖЫТЫЛ

Виноградовы завод «Электрон»-ы разамынд æмæ фæллойадон коллективы совет хорз аудынц кусджыты царды, фæллойы æмæ сæ фæллад уадзыны уавæртæ фæхуыздæр кæныныл. Кусгæйæн афæдз отпуск дæттынц 21 къæлидарон боны, стæй ма йыл æфтауынц, йæ фæллойы стаж цас у, уымæ гæсгæ: 10 азы онг куы уа, уæд — 3 боны, уымæй уæлæмæ куы уа, уæд та —7 боны.

Сылгоймагæн 2 сывæллоны куы уа (14 азы онг), уæд ын йæ отпускыл æфтауынц дыууæ боны, æртæ кæнæ йын уымæй фылдæр куы уа, уæд та 6 боны.

ЧИНГУЫТЫ «ДОХТЫРТÆ»

Межгорьейы районы сывæллæтты библиотекæйы арæзт æрцыд чингуыты «дохтырты» къорд. Уыдон, ахуырæй уæгъд рæстæг, «дзæбæх кæнынц» чингуытæ. Æрмæст ацы азы райдайæнæй нырмæ базыл дысты 200 чиныгмæ. Ныр та фæстæмæ къухмæ рай сынмæ бæззынц. Библиотекæмæ нудадзыг чи цæуы, уыдон тынг бузныг сты чингуыты æрыгон «дохтыртæй».

Ахæм къордтæ фæзындис районы ыннæ библиотекæты дæр.

ХÆЛАРДЗИНАД

Венгрийы «Кооптурист» æмæ облæсты туристон организацитæн ис хорз бастдзинæдтæ. Уый фæрцы дыууæ бæстæйы дæсгай мин цæрджытæн фадат ис ССР Цæдисы æмæ Венгрийы зæрдылдарæн бынæттæ фенынæн.

Фæскарпаттæн уæлдай хуыздæр бастдзинæдтæ нс Саболч-Сатмарскы облæстимæ.

Æрæджы Мукачевы уыдис дыууæ облæсты туристон организацити нумæйаг конференцы. Уым бæлвырд æрныхас кодтой ивгъуыд азы куысты бæрæггæнæнтыл. Сыйсан кодтой сæ дарддæры архайд ноджы фæхуыздæр кæныны мадзæлттæ.

ИУМÆЙАГ ИЗÆР

Хæларæй цæрынц Ужгороды облæстон украинаг музыкалон-драмон театры æмæ механикон заводы коллективтæ. Арæх сын вæйны фембæлдтытæ. Æрæджы та сын уыдис иумæйаг нзæр, æмæ йæ арвыстой зæрдæрухсæй. Театры коллектив равдыста спектакль «Здравствуйте, я ваша тетя». Артисттæ ма бакастысты юмористон, радзырдтæ, æмдзæвгæтæ.

Хæсджынæй нæ баззад куыстуаты коллектив дæр. Хорз концерт равдыстой заводы фольклорон ансамбль «Закарпатские узоры» æмæ адæмон зарджыты къорд.

КОЛХОЗЫ ХÆРÆНДОН

Иршавскы районы колхоз «Перше травня»-йы байгом стыр хæрæндон.

— Горæты дæр ахæм хъæздыг æмæ рæсугъд хæрæндон не ссардзынæ, — сæрыстырæй фæзæгъынц колхозонтæ.

Æмæ æцæгдæр, хæрз арæзт у хæрæндон, æдде бакæсгæйæ дæр, мидæгæй къултыл — зындгонд нывгæнджыты куыстытæ, залы рæсугъд стъолтæ, бандæттæ. Хæринаг хæрзад. Цыбырдзырдæй, алцæмæй æххæст хæрæндон.

Рæхджы хæрæндоны фарсмæ байгом уыдзæн алыхуызон товарты ног дукани дæр.

АДÆМОН МИЛИЦÆЙЫ КЪОРД

Хусты арæзт æрцыд адæмон милицæйы оперативон къорд. Уый раивта адæмон дружинæты. Ис дзы 70 адæймаджы. Уыдон сты раздæры хæстонтæ. Къорды устав фидаргонд æрцыд райæххæсгомы.

Оперативон къорды уæнгтæ-ну бонæй уыдзысты сæ кусæн бынæтты, æхсæв таиу хъæхъхъæндзысты æхсæнадон æгъдау. Къорды хæрдтæ фиддзысты куыстуæттæ æмæ организацитæ.

МАДÆЛОН ÆВЗАГЫЛ

Тячевскы районы Усть-Чернянскы хъæуы 1775 азæй фæстæмæ цæры немыцæгты къорд. Ныртæккæ сты 200 адæймаджы. Æрæджы немыцаг сывæллæттæ ахуыр кæнын райдыдтой мадзæлон æвзаг. Уый тынг фæцыд куыд ахуырдзауты, афтæ сæ ныйфарджыты зæрдæмæ дæр. Ам немыцæгтæ бахъахъхъæдтой се 'взаг, сæ адæмон зарджытæ. Хъæуы Культурæйы хæдзары ис немыцаг фольклорон ансамбль.

Ацы хабæрттæ фехъусын кодта газет «Закарпатская правда».

НЕПТУН ЦÆМÆН? ДОНБЕТТЫР?..

Ныра ирон адæмы историйыл, сæ удварны культурæйыл уæрæх дзыллæтæн æнцонæмбæлæн чингуытæ нæй. Уый аххосæй æрмæст рæзгæ нæ, фæлæ астæуккаг кары фæлтæр дæр хорз нæ зоныц нæ адæмы историн, йæ удварны культурæ. Ацы æрмæг дæр райгуырд уыл хъуыды кæнгæйæ. Уадз æмæ ма газеткæсджытæ ну хатт æфæлгæсой ирон мифологийыл. Уац фылдæр аразт у рæзгæ фæлтæрмæ.

Иу рæстæджы нæ республикæйы тынг кадджын есис сусæны мæй Нептуны бæрæгбон бæрæг кæныи. Уым уæлдай зæрдиагдæрæй æмæ разæнгарддæрæй архайдтой сабитæ. Куыд зоныæм, афтæмæй Нептун Римы мифологийы у денджызты бардуаг, бердзентæм (грекъмæ) та хуыйны Посейдон. О, фæлæ сæ дыууæ дæр Ирыстонмæ цы бар дарынц? Нæхи Донбеттыр уыдонæй цæмæй æнæлæгдæр у?. Нæртон адæм фылдæр цы зæдтæн аргъ кодтой, уыдонæй ну уый куы уыд, семæ хæларæй куы цард, уæд абоны ирæттæн цы кодта? Цæмæн ыл бахъоды кодтой? Кæйдæр адæмон сфæлдыстады бардуагæй йæ цæмæн баивтой? Ацы æмæ æндæр ахæм фарстытæ мын æнцой нæ лæвæрдтой, æмæ телефонай бадзырдтон бæрæгбон цæттæгæнджытæй иумæ:

— Нептун цæмæн? Донбеттыр цы кæны? Нæхи, ирон адæмон сфæлдыстад цæуылнæ пропагандæ кæнут?

Мемæ ныхастæнæг йæхи сраст кæныны тыххæй цыдæртæ дзырдта, фæлæ мæнмæ нæ бахъардтой. Уымæн æмæ æнæбадзурæйæ дæр хорз зыдтон, хион цæсты кæй нæ ахады, стæй хиæмбарынад уыцы азты хъуыдыæвæрд национализмыл нымад кæй уыд. Уый аххосæй æвзонд дзабырау къуыммæ базыгъуыйт кодтам, ирон æвзагимæ цыдæриддæр баст уыд. уыдон. Сæ сæйрагдæр — адæмон сфæлдыстады дæр. Уый хуызæн, сабийæ райдай æмæ æвзондыбонмæ фæу, адæймагæн арф ницы æмæ ницы банкъарын кæндзæн йæ мадæлон æвзаджы æхсызгондзинад. Ирон адæм та уымæй диссаджы хъæздыг сты, фæлæ абоны онг йæ дзæвгар стырдæр хай лæвæры архивты, рухс фенынæй, адæмы комытæфей йын цыма тæрсынц, уыйау дадайы чырыны æмбæхстæй лæууы. Æмæ йæ, загъæм, Нарты нæдзухы фонды томы фæстæ томгай уадзын райдыдтой; уæд дзæвгар адаргъ уаид сæ нымæц.

Ирон мифологи стыр быпат ахсы дунейы адæмты дзыхæлдзургæ аивады. Мифологийыл иу ахæм наукон кусыст дæр нæ вæййы, Нарты кадджытæй, иæ инæ адæмон сфæлдыстадæй дзæвгæттæ кæм нæ 'рхæссынц. Æмæ кæм бирæ хатт афтæ фæкæсы, цыма ныи нæ адæмон сфæлдыстад инæ адæмтæ нæхицæй хуыздæр зоныи. Уыцы хъуыдыйы, æнкъарæнтæи, цыдæр дистиныад ис. Ахуырдзинадтæ

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД — АДÆМЫ ХÆЗНА

æндæр адæм — Камбада. Зондæй æмæ тыхæй дæр Уадмерты хуызæн, фæлæ асæй тынг къаинæг, æмæ зæххыл цæрынæн нæ бæзыдысты. Уымæ гæсгæ сæ Хуыцау æрбайсæфта æмæ сфæлдыста Уæйгуыты. Уыдон дæр ын нæ фæрæстмæ сты æмæ уæд сфæлдыста Нарты. Нартæ рауадысты зæхы аккаг адæм.

Куыд уынæм, афтæмæй ирон адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ зæххыл цыдæриддæр цæуы, уыдон нуулдæр — Хуыцауыл фæндонæй. Уый сфæлдыста зæхх, дон æмæ уæлдæф дæр. Уымæ схæцын йæ ныфс ничи хæссы, ничи йыл фæуæлахиз уыдзæн. «Батрадз зæдтæ æмæ дауджытæн се 'гасыл дæр

тых уыд — загъд ис Нарты кадджыты, — Хур æмæ Хуыцауæй фæстæмæ». Нæ йыл фæтых сты нарт иумæ дæр æмæ «фыдвæлы бæсты равзæрстой æвæд».

Хуыцау ирон мифологийы у æппæт рафæлдисæг æмæ ис æппæты сæргъы. Бердзентæм Зефс куыд у, афтæ уый нæ барвæндæй йæ бон никæмæн ницы у. Фæлæ уый Зефсау ирон Олимп — Уазайы цъупыл зæдтæ æмæ дауджытимæ нæ бады. Ис уæларвы. Уырдыгæй йæ цæст дары зæхмæ, адæмы цардмæ æмæ йæм нвдзинæдтæ хæссы. Адæмæн цæрæнбон, хъысмæтæ æмæ амæндтæ уары. Алцыдæр уыны æмæ зоны; хæрзиуæг кæмæи дæттын хъæуы, æфхæринаг чи у.

«Хæрзæнæг дæр хуыцауимæ кувы æмæ фыдгæнæг дæр, хæрæгæнæг дæр йæхи Хуыцауыл фæдзæхсы æмæ фыдгæнæг дæр.» — фæзæгъынц ирон адæм. Цыфæнды фынджы уæлхъус дæр фыццаг уый ном ссарынц. Æмæ йæ хонынц Дыныджыр нæ, фæлæ Стыр Хуыцау. Уымæн æмæ дзырд Стыр-æн ис дикон нысаниуæг дæр. Æнæ кувинагæй та йæм лæгъстæ кæныиц дунескæнæг нуиæг Хуыцау кæнæ **Хуыцæутты Хуыц»у** дзургæйæ. Ирон адæм ма фæстаг хуызмæ æнгæс хонынц Хуры — **Хурты Хурзæрин.** Уый мæгуыртыл хæдон кæны, зæхх та — дзабыр. Хур æмæ къонайы арты æхсæн бастдзинад дары бардуаг Æртхурон. Уый номыл-ну Ногбоны æхсæв æфсинтæ нызмылдтой егъау гуыдыи — Хурхитæс цæрдæныи.

Уастырджи дæр бады уæларвы. Зæхмæ æртæхы йæ æртыкъахыг бæхыл.

Ирыстоны ахæм ком æмæ хъæу нæй, Уастырджийы кувæндон кæм нæй. Сæ зындгонддæртæ Хетæджы къохы (Хетæджы Уастырджи), Къобы (Къобы Уастырджи) æмæ æндæртæ. Уастырджи у лæджы æмбал. Адæймаг ыл йæхи фæдзæхсы бынаты дæр, къæсæрæй хизгæйæ дæр (Къæсæры Уастырджи) æмæ фæндагыл дæр (Фæндагсæры Уастырджи). Нæ сæрмагонд бæрæгбон та дыууæ Ирæн дæр вæййы ноябры Джеоргуыбайы къуырийы.

Уастырджи зæронд лæджы хуызы адæмы 'хсæн арæх февзæры. Уæлдайдæр та зын сахаты. Нарты Дзерассæ Æхсар æмæ Æхсæртæгыл фыркуыдæй йæхи куы мары, уæд дæр йæ уæлхъус февзæрд Уастырджи. Зефсау æмхиц у зæххон сылгоймæгтæм. Ис ын дзы цот. Уыдонæй ну — Нарты **Сатана.** Иæ авд фыртæй иу хуыйны **Дзамболат.**

Уацилла — æрвнæрды æмæ арвæрттывды бардуат. Бады уæларвы. Хонынц æй Арвы Уацилла, стæй Хоры Уацилла дæр. Ис ын авд фырты. Сæ иу — **Темысо.** Уацилла ирон адæмы цæстытыл рæсугъдæй уайы æмæ хæрзконд, бæзæрхыг лæгæй фæзæгъынц: Арвы Уациллайы хуызæн. Цæгат Ирыстоны уæлдай зындгонддæр у Тбау-Уацилайы кувæндон. Нартæн уый радта хоры нæмгуытæ. Ие 'мбæлттæ сты:

Тыхост — æрвдзæвды бардуаг.

Авриагъд — мигъты, æврæгъты, тæрккъæвдайы æмæ ихуарды бардуаг.

Уадæхсин — уад æмæ тымыгъты сылгоймаг — бардуаг.

Ирон адæм сæм куывтой, цæмæй сæ æрвдзæвдæй, сæ хуымтæ тыхуарынтæ æмæ ихкъæвдатæй бахъахъхъæдтанккой. Æрвдзæвды фæстæ кодтой цоппай. Зæххыл-ну хур куы атылд, уæд сæ хъæугуывдты куырдтой уарын.

Хорæлдæр — тыллæджы бардуаг. Иæ фырт **Бурхор.**

Зегимон — дзулы бардуаг.

Гадæгон — дымгæйы бардуаг. Бады бæрзонд хæхтыл. Куывтой йæм хор фыйæгæй сыгъдæггæнгæйæ. Дзырдтой-иу «Радым-радым, нæ хор ныи йæ зыгуымæй, цъæлмæлтæй асыгъдæг кæи æмæ дын сырх уасæг аргæвддзыстæм, фæстаг фыйæг дæу уыдзæи». Æмæ-ну æцæгдæр сæ ныхас сæххæст кодтой: фæстаг фыйæджы дзаг хорыу бæрзонд сæхстой æмæ йæ дымгæ ахаста, сырх уасæг ын-иу аргæвстой.

Амран — Дарезантæй. Бердзентæм — Прометей. Адæмы амондыл тохгæнæг, зынг сын Хуыцауы æрæгтæй

УАЛЫТЫ Лаврент.

НÆЙ УАРЗОНДÆР ФЫДЫБÆСТÆЙ!..

ЛÆГЪСТÆ

Уæлæрвты кæд æцæг ыстут сымах,
Нæ уæрджытыл цы хуыцæутты ном арæи,
Ыссудзут ныи нæ удты уæд цыраг,
Цæмæй зæххыл кæрæдзийы æмбарæм!

Фæндаг ысрухсæн Хуры тын нæу фаг:
Цæнгæт сæры, æдылы магъзы тары
Уæларв бæстæй æруадзæг рухсы таг
Нæ хъарм кæны, хæрзиуæгæн нæ хъары.

Фыдæх æмæ хæрамы денджыз арф
Бынæй фыцы, хъаймæтæй нæм æвзынды.
Рæстад цæстом дæумæ арæзт у, Арв,
Дæ уаз хуыцæуттæм раст тæрхонмæ сиды!
Æви ысты сæ зæнæгау хъæддаг
Æмæ сæ Зæхмæ мурдæр нæй хъуыддаг!

* * *

Дæи амондджын дæ лæварæй, Хуыцау,
Хъæздыгдæр хæзна арвы бын нæ зоныи.
Ысфæлдыстай хæлæг удтæи æхца,
Лæууын кæныс мæи уарзты раз мæ зоныг.

Мæнæи хæларæй бауарзта дæ цæст
Рæстуд, Æфсарм, æфсымæр, хойы уарзын,
Фæлæ ма мын куы радтаис æххæст
Сæ хъахъхъæныиæи Уастырджийы базыр.

Дæ быны зæхх тæвд къейау у зындон,
Кæны цæкуы йæ уæлæ расты зæрдæ.
Куыд сын быхсыс — уый кæлмыты æрдонг
Куы дзы маргг дæуæи цытгæнæг зæдтæи!
Æви ныппырх дæ цæхæруадзæи нау
Æмæ ды дæр æнæбон дæ мæнау!?

ÆРТÆ УАРЗОНЫ

Æртæ уарзоны нс лæгæи æрдзæй:
Мæ фыццаг уарзт ныйирæг мадæй зоныи,
Цæуы нæ удтæм дыккаг та чызгæй,
Фыдыбæстæ æз æртыккаджы хоныи.

Мах цалынмæ чысыл вæййæм, уæдмæ
Ныйирæг мады Дуи-дуне æнхъæлæм,
Рæвдауы нæ зæрии хурау фæлмæи,
Фыццаг фæзыны уый нæ тыхст, нæ хъæрмæ.

Нæ тых, нæ туг куы райдайы ызнæт,
Куы свæййæм мах æвзонгдзинады хай,
Ныйирæгæй фылдæр фæисы уæд
Нæ судзгæ уарзты дидинтæй чызгай.

Фæлæ æрцыд куырыхон лæджы кар —
Нæй уарзондæр Фыдыбæстæй, æмгар!

ÆМБИСОНД

Æмæ та 'рцыд фыдæлты 'мбисонд пог:
Куы уыди Домбай цардæгас, уæд æй
Нæ рувæстæ хуыдтой сæ рахиз цонг,
Сæ дзыллæйæи, сæ пæддзæхтæи фæтæг.

Ныр нал нс уый, йæ мæдæты фæстæ
Куы фæци хæрд йæ æфтауцдæтты холы,
Куы 'ркодтой сæфтмæ райгуыраи бæстæ,
Сæ фыдызнаг æи райдыдтой уæд хоныи.

Мæлгъæвзагæй йыл чи зарыд кæддæр,
Кæмæи ивта йæ мад æмæ йæ фыды,
Ныр 'æй уый къахы нигæнæй, мæрдтæй,
Нымайы йæ бæсты рыи æмæ фыдыл.

Быцæуаг нæу: уыд Домбаймæ рæдыд,
Æнæ къæм Хур дæр арвы дзыхъхъы нæу,
Фæлæ йæ уæд цæмæи хуыдтай дæ фыд?
Цы зии, цы хуыцау сæрра кодта дæу?

ФÆДЗÆХСТ

Ир.
Мæ чысыл,
Мæ фæллад Ирыстон,
У домбай лæджы нугоид
æнгуылдзтау:

Чи æхсаргард уæд,
Чи уæд йæ фистон,
Чи та — тулда,
Фæлæ ма уæд æгуыдз
тау.

Ир.
Æнæдон,
Æнæзæхх Ирыстон,
Ис дæ амонд
Æрдбахæрд цæднсы,
У Къостайы тырыса дæ
нсбон.

(Кæд ма дæм
Фыдæлты куырыхон
дзырд хъуысы:
Хал дæр, дам, халæи
æххуыс у) —

Цу йæ быны
Фæрнджын лæджы
фырттау фæдисы!

РÆХЫС

Хатт куырмæджы
фæцæуын
Æмæ дæм нæ радтын мæ
къух
Дæ тыхсты,
Дæ зыны, —
Уæд хъуамæ мæхнуын
фæкæуин:
Æфсымæры зондæй,
Æфсымæры уарзтæй
Фæкæнын дæу цух.
Фæлæ, табу хуыцауæн,
Мемæ нæ вæййы
Мæ хæйрæг æдзух.

Уæ мæ нубæстон уарзон,
Мах историлы фатæй
Цæфтæ стæм,
Рæхуыст.

Уæ мæ нубæстон уарзон,
Æз æнæ дæу,
Ды æнæ мæи цæттæ
стæм,
Æз дæуимæ,
Ды мæнимæ — Рæхыс!

* * *

Æз мæ хæлæртты сафын,
Радгай сæ сафын.
Удмæ фемхиц нс
Удхайраг сау фын.
Хур мæ удæй æфтийы,
Тар мын уазал æфтауы.

Æз мæ хæлæртты сафын,
Æз мæ хæлæртты уарын
Дымгæтæи,
Фæндæттæи,
Мæрæи,

Æмæ зилы мæ сæрмæ
Саубазыр халон,
Мæ фыды къесæрмæ
Хæстæгæй - хæстæгдæр
кæны,
Мæ цæрæи мæсгуытæ
мын халы!

СПОРТ

БОГАЛЫ НОМЫЛ

Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады раздæры афицер, зынгхуыст богал, спорты мастер Юрий Аветисяны номыл уыдис «Динамо»-йы республикон советы 26-æм традицион турнир уæгъдибар хъæбысхæстæй.

Раззаг бынæттæм рацæуыныл дзы сæ хъарутæ æвзæрстой сæдæ богалæй фылдæр. Динамовонтимæ ерысты архайдтой бархи спортивон æхсæнæдтæ «Фæллойадон резервты», профцæдисты æмæ сывæллæтты спортивон скъолаты богæлттæ.

Ерысты фыццаг уæлахиздзау ссис динамовон Гергиты Хъазыбег (48 килограммы уæзы). Дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ бацахстой беслæйнаг æрыгон богæлттæ Мæргъыты Алик æмæ Бестауты Сослан.

52 килограммы уæзы æппæт призон бынæттæ дæр бацахстой профцæдисты иугонд спортивон организацийы минæвæрттæ. Фыццаг уыдис Гæджыиаты Аслан, дыккаг — Гæбæраты Булат æмæ æртыккаг — Ибрагим Мачнев.

57 килограммы уæзы та фесгуыхтысты динамовонтæ, уыдон систы æппæт призты хицæуттæ. Хуыздæр арæхстдзинæдтæ равдыста æмæ фыццаг бынатмæ рацыдис Гæлуаты Хъазыбег, дыккаг æмæ æртыккаг бынатмæ та — Плиты Сослан æмæ Сланты Виталик.

Æппæты фылдæр архайджытæ — 20 адæймаджы уыдис 62 килограммы уæзы. Ам спортивон тохы фыц. бынат бацахста спорты мастертæм кандидат, 1989 азы Юрий Аветисяны номыл турниры уæлахиздзау Таухъазахты Хетæг. Дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæм рацыдысты Химилонты Дзамболат æмæ Æрчъегкаты Таймураз.

68 килограммы уæзы æхсæрдæс богалæй тыхджындæр разыид Баликъоты Ян, дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ та адих кодтой профцæдисты иугонд спортивон организацийы минæвæрттæ Дзлиаты Мурат æмæ Кертанты Родион.

74 килограммы уæзы арæхстдзинадæр уыдис спорты мастер Биазырты Алан. Уый æнцонай фæуæлахиз йæ ныхмæлæуджытыл æмæ бацахста фыццаг бынат. Дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæм та рацыдысты динамовонтæ Саламты Сослан æмæ Джиоты Юрий.

Иæ рæстæджы Юрий Аветисян хæцыдис 82 килограммы уæзы. Ацы уæзы уый ссис СССР Цæдисы, УСФСРйы æмæ æндæр бæрзон ерыстытчемпион æмæ призер. Уымæ гæсгæ ацы уæзы йæ хъарутæ чи фæлвæрдта, уыдонæй алчидæр уæлдай зæрдиагдæрæй архайдта фыццаг бынатмæ рацæуыныл. Богæлтты тох та уыдис цымыдисон сæдæгай спортуараджытæи. Гауызыл æппæты хъаруджындæр æмæ тыхджындæр ацы уæзы уыдис динамовон Андиаты Арсен. Уый кæронбæттæны йæ хъарутæ æвзæрста Колыты Олегимæ æмæ йæ рамбылдта. Афтæмæй спорты мастер Андиаты Арсен ссис сæйраг призы хицау. Кадджын уавæры Арсенæн приз радта Юрийы фыд Ростом Аветисян. Дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ бацахстой Колыты Олег æмæ Æрчъегкаты Тотрада.

90 килограммы уæзы турниры уæлахиздзау ссис спорты мистер Тедеты Анатолий. Профцæдисты иугонд спортивон организацийы минæвæрттæ Цохъты Хетæг æмæ Пухаты Эдуард та бацахстой дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ.

100 килограммы уæзы дæргъвæтиндæр уыдис тох. Ам тыхджындæр уыдис æмæ фыццаг бынат бацахста Калманты Зелим. Торчыиты Зауыр æмæ Козаты Юрий та рацыдысты дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæм.

130 килограммы уæзы турниры уæлахиздзауы ном лæвæрд æрцыдис динамовон Гиоты Аланæи. Дыккаг бынатмæ рацыд Нугзар Елапвили.

Уæлахиздзау богæлттæи æмæ призертæи лæвæрд æрцыдысты Кады грамотæтæ, зынаргъ лæвæрттæ.

М. ЗИЛЬБЕРМАН.

РОБЕРТЫ ÆНТЫСТ

Хæрзæрæджы Республикон Физкультурæйы хæдзары ахицæн Советон Цæдисы дыууæ хатты, Монголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар Плиты Исслейы номыл турнир шахматтæй. Раздæр куыд хъусын кодтам, афтæмæй дзы фæуæлахиз завод «Полимер»-ы инженер Кокиты Роберт. Уый сæххæст кодта спорты мастертæм кандидаты кадджын ном. *Цалдæр* ты разамæ нæм УСФСР-ы ныддзахадон спорткомитæтæй сыхъуыст æхсызгон хæбар: ном филарсонд æрцыд. *Республикæйы* æппæт шахматæуарзæджыты номай зæрдиаг арфæтæ кæнæм Робертæн. Нæ зæрдæ йын зæгъы ног ахастытæ. Уый ныр у æстæмæй спорты мастертæм кандидат нæ республикæйæ.

Адæймаг
Цы нæ фехъусы
КУЫИТÆН — ПРЕМИТÆ
Æрнылаз дæр Англемы æмæ ФРГ-йы куыйты дзуæ- « æвæйы дыууæ- "аз. уæддæр йæ цардæи æдæс у — афтæ нымайы Уильямы æмхай.

...зæронд æхсæвæр. Уырдыгæй йæ базыгъуыйт кодтам, ирон æвзагимæ цыдæриддæр баст уыд, уыдон. Сæ сæйрагдæр — адæмон сфæлдыстады дæр. Уый хуыдэн, сабийæ райдай æмæ зæрондыбонмæ фæу, адæймагæн арф инцы æмæ нички баиуæрын кæндзæн йæ мадæлон æвзаджы æхсызгонджинад. Ирон адæм та уымæй диссаджы хъæздыг сты, фæлæ абоны онг йæ дзæвгар стырдæр хай лæзæры архивты, рухс фенынæй, адæмы комытæфæй йын цыма тæрсынц, уыйау дадайы чырыны æмбæхстæй лæууы. Æмæ йæ, зæгъæм, Нарты кадджыты фонды томы фæстæ томгай уадзыл райдыдтой: уæд дзæвгар адаргъ уанд сæ нымæц.

Ирон мифологи стыр бынат ахсы дунейы адæмты дзыхæлдзыгрæ аивады. Мифологийыл иу ахæм наукон куыст дæр нæ вæййы, Нарты кадджытæй, нæ иннæ адæмон сфæлдыстадæй дæнцæгтæ кæм не 'рхæссынц. Æмæ нæм бирæ хатт афтæ фæкæсы, цыма нын нæ адæмон сфæлдыстад иннæ адæмтæ нæхиц.æй хуыздæр зонынц. Уыцы хъуыдыйы, æвæццæгæн, цыдæр рæстдзинад ис. Ахуыргæндтæ пайда кæныны архивтæ æмæ стæм чингуытæй. Махæн уыдон дæр не сты æмæ, нæм сæ æнусты сæрты нæ раг фыдæлтæй чи æрхæццæ кодта, уыцы хистæртæ дæр. Æмæ рох кæнæм нæ адæмы хæзнатæ. Уымæй нæхи кайæм зæрдæйы хорзæхæй, зондæй, удварнæй, царды фæлтæрддзинадæй.

Нарты кадджыты, Даредзанты таурæгъты, Царцаты диссæгты, ирон æмбисæндты, уыци-уыциты, аргъæутты хъæбатырты æмæ лирикон зарджыты, хъарджыты æнусты дæргъы нæ фыдæлтæ бавæрдтой сæ зæрдæты æнкъарæнтæ, зонд, сфæлдыстадон монц, сæ удты уæлтæмæн, фарн æмæ бæллицтæ, сæ тырныдзинæдтæ. Сæхирдыгонау дзы халынц царды нысан, дуне æмæ адæмы равзæрд, адæймаг царды цы бынат ахсы, цавæр тыхтæ сты йæ ныхмæ, семæ куыд тох кæны, уыцы тохы йæ фарсмæ чи нс, уæлахизмæ йæ цы кæны. Уыцы дывæрццаг, кæрæдзи ныхмæ æвæрд тыхтæ æмæ хъуыдытæй æвзæры адæймаджы удварн, царды рæсугъддзинад, йæ мидис.

Ирон мифологимæ гæсгæ Хуыцау зæххыл фыццаг сфæлдыста æбæрæг адæмы мыггаг Уадмерты. Уыдон уыдысты ставд æмæ тыхджын, кæмтты нæ цыдысты, зæхх сæ нæ урæдта. Уыдон фæстæ фæзындис Не уæларвы. Уырдыгæй нæ цæст дары зæхмæ, адæмы цардмæ æмæ йæм нæддзинæдтæ хæссы. Адæмæн цæренбон, хъысмæтæ æмæ амæндтæ уары. Алцыдæр уыны æмæ зоны хæрзиуæг кæмæн дæттын хъæуы, æфхæрынаг чи у.

«Хæрæгæнæг дæр хуыцаумæ кувы æмæ фыдгæнæг дæр, хæрæгæнæг дæр йæхи Хуыцауыл фæдзæхсы æмæ фыдгæнæг дæр.» — фæзæгъынц ирон адæм. Цыфæнды фынджы уæлхъус дæр фыццаг уый ном ссарынц. Æмæ йæ хоныц Дыццжыр нæ, фæлæ Стыр Хуыцау. Уымæн æмæ дзырд Стыр-æй нс динон нысаниуæг дæр. Æнæ кувинагæй та йæм лæгъстæ кæныц дунескæнæг нуæл Хуыцау кæнæ Хуыцæутты Хуыцау дзуррæйæ. Ирон адæм ма фæстаг хуызмæ æнгæс хоныц Хуры — Хурты Хурзæрин. Уый мæгуыртыл хæдон кæны, зæхх та — дзабыр. Хур æмæ къонайы арты æхсæн бастдзинад дары бардуаг Æртхурон. Уый номыл-ну Ногбоны æхсæв æфсинтæ ныззылдтой егъау гуыдын — Хурæнгæс цæрвджын.

Хурмæ кувæг уыдысты нæ фыдæлтæ. Куырдтой дзы, цæмæй сæ уалдзæджы барæвдауа, бахъарм сæ кæна йæ лæфинтæй (зæлдаг тынтæй), йæ зынгæй бахъахъхъæна сæ хортæ, сæ дæттæ æмæ сæрвæттæ. Хурты бардуаг Хурзæрины бæрæгбæттæ-ну уыдысты хурхæтæнты. Кадджытæм гæсгæ Хурæн нс авд чызджы: Адæдзу (Нарты Сыбæлцы ус), Ацырухс, Хорческæ (Батрадзы ус), Азаухан...

Ирон адæмон сфæлдыстады Хуыцаумæ æппæты æвæхсдæр лæууы Уастырджи. Фыныжы уæлхъус дыккаг сидтæй дæр уый ном ссарынц. Уæлдай тынгдæр дзы нымд кæныны сылгоймæгтæ, йæ ном ын нæ дзурынц, хоныц æй Лæгты дзуар. «Уастырджи æргом бардуаг у», — фæзæгъынц ирон адæм. Æргом цыд Нартмæ. Уымæй нузæрдиондæр сыл ничи уыд. Суанг Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытимæ куы схæцыдысты, Хуыцаумæ фатвæдмæ (дуэль) куы фæсидтысты, уæддæр Уастырджи уыд се 'вварс... Уæларвон куырд Куырдалæгонæн йæхи номыл саразын кодта болат фæттæ æмæ сæ нартæн радта. Уыдонæй бирæ зæдтæ æмæ дауджытæ фæцагъды ис.

Уастырджи мæгуыр лæгæн æдзухдæр ис йæ фарсмæ, у йæ ныфс æмæ фыдбылызæй йæ хъахъхъæнæг. Суанг тархъæды фыдæхы бардуаг Сау барæгæй дæр.

Уадæхсин — уад æмæ тымыгъты сылгоймаг — бардуаг.

Ирон адæм сæм куывтой, цæмæй сæ æрвдзæвдæй, сæ хуымтæ тыхуарынтæ æмæ ихъæвдатæй бахъахъхъæдтаккой. Æрвдзæвды фæстæ кодтой цоппай. Зæххыл-ну хур куы атылд, уæд сæ хъæугуывдты куырдтой уарын.

Хорæлдæр — тыллæджы бардуаг. Иæ фырт Бурхор.

Зегимон — дзулы бардуаг.

Галæгон — дымгæйы бардуаг. Бады бæрзонд хæхтыл. Куывтой йæм хор фыйгагæй сыгъдæггæнгæйæ. Дзырдтой-ну «Радым-радым, нæ хор нын йæ зыгуымæй, цъæмæлтæй асыгъдæг кæн æмæ дын сырх уасæг аргæвддзыстæм, фæстаг фыйгаг дæу уыдзæн». Æмæ-ну æцæгдæр сæ ныхас сæххæст кодтой: фæстаг фыйгаджы дзаг хорну бæрзонд сæхстой æмæ йæ дымгæ ахаста, сырх уасæг ын-ну аргæвстой.

Амран — Дарезантæй. Бердзентæм — Прометей. Адæмы амондыл тохгæнæг, зынг сын Хуыцауы æвастæй æрхæссæг уæларвæй. Уый тыххæй йæ Хуыцау ныббаста къæдзæхмæ, йæ зæрдæйыл ын зыд цæргæс бафтыдта, æмæ йæ уый æхсыны. Амран куы атона йæ рæхыстæ, уæд зæххыл амонд æрцæрдзæн. Иæ фервæзын кæнын та у адæмы хæс. Ома адæмæн сæ амонд ис сæхи къухы.

Фæлвæра — фысвосы бардуаг. Стыр кадджын уыд нæ фыдæлтæм. Уымæн æмæ фосдарæг уыдысты. Куывдтæ йын кодтой. Куывтой йын Ногбоны æхсæвы, цины фынгыл Фæлвæрайы хай — кусарты фæхсыны къæдзил ныр дæр ма нуазæнимæ æнæмæнг лæвæрд цæуы фысыммæ æмæ дзы никæмæн хай кæны. Иæ фæлвæрайы хай, фосы бæркад йæхи хъуамæ уа. Фæлвæра сабыр зæд у æмæ уæздан, хæрзæгъдау адæймагæй фæзæгъынц: «Фæлвæрайы хуызæн у». Фæлвæрайæн ис фырт. Иæ ном — Дзудзумар, у Хуры сиахс.

Реком — стурвосы бардуаг. Иæ сæйрагдæр кувæндон Цъæйы комы.

Карчигуылой — хæдзарон маргъы бардуаг. Хъахъхъæны сæ рувæстæ æмæ рынæй.

Анæгол (Анигол) — мыдыбындзыты бардуаг. Ирон адæмы фыдæлтæ хорз арæхстысты мыдыбындзыты куыстмæ. Уымæн æвдисæн, сæрмагонд бардуаг ын кæй ис, уый.

ЦГЪОЙТЫ Хазби.
(Уыдæн ма).

Æмæ та 'рцыд фыдæлты 'мбисонд пог:
Куы уыди Домбай пардæгас, уæд æй
Нæ рувæстæ хуыдтой сæ рахиз цоиг,
Сæ дзыллæйæн, сæ паддзæхтæн фæтæг.

Ныр нал ис уый, йæ мæлæты фæстæ
Куы фæци хæрд йæ æфтауцдæтты холы,
Куы 'ркодтой сæфтмæ райгуырæн бæстæ,
Сæ фыдызнаг æй райдыдтой уæд хоныи.

Мæлгъæвзагæй йыл чи зарыд кæддæр,
Кæмæн ивта йæ мад æмæ йæ фыды,
Ныр æй уый къахы ингæнæй, мæрдтæй,
Нымайы йæ бæсты рын æмæ фыдыл.

Быцæуаг нæу: уыд Домбаймæ рæдыд.
Æнæ къæм Хур дæр арвы дзыхъхъы нæу,
Фæлæ йæ уæд цæмæн хуыдтай дæ фыд?
Цы зин, цы хуыцау сæрра кодта дæу?

Æз дæуимæ,
Ды мæнимæ — Рæхыс!

* * *

Æз мæ хæлæртты сафын,
Радгай сæ сафын.
Удмæ фемхиц нс
Удхайраг сау фын.
Хур мæ удæй æфтийы,
Тар мыл уазал æфтауы.

Æз мæ хæлæртты сафын,
Æз мæ хæлæртты уарын
Дымгæтæн,
Фæндæгтæн,
Мæрæн,

Æмæ зилы мæ сæрмæ
Саубазыр халон,
Мæ фыды къæсæрмæ
Хæстæгæй - хæстæгдæр
кæны,

Мæ цæрæн мæсгуытæ
мын халы!

ФЫДÆЛТЫ ФÆНДАГЫЛ

КАЗАХТЫ ССР. Мингай казахæгтæ мысынц се 'мзæххонты-Панфиловы дивизийы хъæбатырты. Ногдзауты æмæ фæскомцæдисон организациты, æфсæддон-патриотон клубты вæййынц гвардионты - панфиловонты ном арыны изæртæ. Намыс-джын æфсæддон раздзæуджыты — инæлар И. В. Панфиловы æмæ будкъоп Б. Момыш-улыйы сывæллæттæ Валентинæ Ивановы чызг Панфилова æмæ Б. Ахытжан Момыц-улы кад æмæ намысмæ дарддæр хæццæ кæныны сæ фыдæлты хъуыддæгтæ.

Отставкæйы кæстæр лейтенант, республикæйы хæстон намысы музейы фондтæ хъахъхъæнæг В. И. Панфилова дарддæр кæны, хæстонты-казахæгты ном сæнусон кæныныммæ баст йæ бирæазон куыст. Куыд адæймаг, афтæ йæхиуыл бавзæрста хæсты уæззау фыдтæ, уый фæсивæдмæ фембæлды радзуры уыцы тызмæг бонты тыххæй.

Б. Ахытжан Момыш-улы йæ фыды хъуыддаг дарддæр хæццæ кæны литературæйы. Иæ уацмыстæ сты хæлардзинады, райгуырæн зæхмæ уарзондзинады тыххæй. Адæмы зæрдæмæ йын цæуынц тыиг. Иæ фæстаг куыстытæй иу у чиныг «Восхождение к отцу». Ацы уацмысы дарддæр хæццæ кæны хæстон æфсымæрдзинады æнæмæлгæ темæ.

КЪАМЫ. В. И. ПАНФИЛОВА æмæ Б. АХЫТЖАН МОМЫШ-улы хæстон намысы музейы «Панфиловы» залы. Ам цæттæгонд цæуы экспозици Стыр Уæлахизы 45 азы бонмæ.

СЦТА-йы фотохроникæ .

Æз дæуимæ,
Ды мæнимæ — Рæхыс!

ÆМБИСОНД

Æмæ та 'рцыд фыдæлты 'мбисонд пог:
Куы уыди Домбай пардæгас, уæд æй
Нæ рувæстæ хуыдтой сæ рахиз цоиг,
Сæ дзыллæйæн, сæ паддзæхтæн фæтæг.

Ныр нал ис уый, йæ мæлæты фæстæ
Куы фæци хæрд йæ æфтауцдæтты холы,
Куы 'ркодтой сæфтмæ райгуырæн бæстæ,
Сæ фыдызнаг æй райдыдтой уæд хоныи.

Мæлгъæвзагæй йыл чи зарыд кæддæр,
Кæмæн ивта йæ мад æмæ йæ фыды,
Ныр æй уый къахы ингæнæй, мæрдтæй,
Нымайы йæ бæсты рын æмæ фыдыл.

Быцæуаг нæу: уыд Домбаймæ рæдыд.
Æнæ къæм Хур дæр арвы дзыхъхъы нæу,
Фæлæ йæ уæд цæмæн хуыдтай дæ фыд?
Цы зин, цы хуыцау сæрра кодта дæу?

Æз дæуимæ,
Ды мæнимæ — Рæхыс!

* * *

Æз мæ хæлæртты сафын,
Радгай сæ сафын.
Удмæ фемхиц нс
Удхайраг сау фын.
Хур мæ удæй æфтийы,
Тар мыл уазал æфтауы.

Æз мæ хæлæртты сафын,
Æз мæ хæлæртты уарын
Дымгæтæн,
Фæндæгтæн,
Мæрæн,

Æмæ зилы мæ сæрмæ
Саубазыр халон,
Мæ фыды къæсæрмæ
Хæстæгæй - хæстæгдæр
кæны,

Мæ цæрæн мæсгуытæ
мын халы!

АДÆЙМАГ
ЦЫ НÆ ФЕХЪУСЫ

ТÆССАГ СЫНТÆГ

Ногзеландаг 35-аздзыд фермер Уильям Торнби æрхъуыды кодта диссаджы мадзал хуыссæнуаты тамако дымы ныууадзыны тыххæй. Уый йæ сынтæджы фарсмæ æрæвæрдта бензинæй йæ тæккæдзаг канистр. Уæдæй фæстæмæ йæ цардæмбал æхсæвиуат фæкæны йæ ныййарджыты хæдзары. Æмæ кæд йæ цæгат дæрддзæф у, уæддæр йæ цардæн æдас у — афтæ нымайы Уильямы æмкъай.

КУЫЙТÆН — ПРЕМИТÆ

Ærвылаз дæр Англисы æмæ ФРГ-йы куыйты дугътæ вæййы дыууи... Дугътæм кæсынмæ æрбацæуы æртæ милуан адæмæгæй фылдæр. Сæрмагонд фæндæгтыл куыйтæ фæсурынц «тæрхъусы» сахатмæ 70 километры згъоргæйæ. Уыцы дугъты уæлахиздзау куыйтæн лæвæрд æрцæуы стыр премитæ. Зæгъæм, горæт Уимблдоны ерысты фыццаг бынат бацахсæр куыдз райста 50 мин долларæы. Уæдæ куыннæ хъуамæ præза афтæмæй куыйты аргъ!

ГАЗЕТ
Социалистическая
ОСЕТИЯ
МЫХУЫР КÆНЫ

Номыры — бæстæйы коммунисттæм СЦКП-йы ЦК-йы æргом писмо, хъусынгæнинаг СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы радон æмбырды тыххæй. М. С. Горбачевы рæстæджы ныхас ФÆЛКЦ-йы XXI съезды делегатты размæ.

«Дзуаппытæ æмæ æвзæрстытæ парторганизацийы» — ахæм рубрикæйы бынмæ мыхуыргонд æрцыд В. Бакшиевы статья Мæздæджы фæлварæн- экспериментæлон механикон заводы коммунисты æмбырдæй.

Æртыккаг фарсы æрмæджытæ сты Стыр Уæлахизы 45 азы боны тыххæй.

Номыры — æндæр алыхуызон æрмæг республикæйы цардæй.

РОБЕРТЫ ÆНТЫСТ

Хæрзæрæджы Республикон Физкультурæйы хæдзары ахицæн Советон Цæдисы дыууæ хатты, Монголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар Илиты [illegible] æмæ Таймураз.

68 килограммы уæзы æхсæрдæс богалæй тыхджындæр рæзынд Баликъоты Йи, дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ та адих кодтой профцæсдисты кутонд спортивон организацийы минæвæрттæ Дзлиаты Мурат æмæ Кертанты Родион.

Уæлахиздзау богалттæн æмæ призертæн лæвæрд æрцыдысты Кады грамотæтæ, зынаргъ лæвæрттæ.

М. ЗИЛЬБЕРМАН.

ты кадджын ном. Цалдæр боны размæ нæм УСФСР-йы паддзахадон спорткомитеты сыхуыст æхсызгон хабар: ном фидаргонд æрцыд.

Республикæйы æппæт шахматистæй. Раздæр куыд хъуысын кодтам, афтæмæй дзы фæуæлахиз завод «Полимер»-ы инженер Кокиты Роберт. Уый сæхæст кодта спорты мастертæм кандидаты хъуыддæгтæ.

Республикæйы æппæт шахматистæй. Раздæр куыд хъуысын кодтам, афтæмæй дзы фæуæлахиз завод «Полимер»-ы инженер Кокиты Роберт. Уый сæхæст кодта спорты мастертæм кандидаты хъуыддæгтæ.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

ХЪУСЫНГÆНИНАГ

13 апрелы С. М. Кировы номыл Республикон наукон библиотекæйы уыдзæн фембæлд журнал «Мах дуджы» редакцийы кусджытимæ. Райдайæн 16. 00 сахатыл. Хонæм уæ фембæлдмæ.

ДИРЕКЦИ.

362015 — ЦИАССР.
г. Орджоникидзе.
Тбилисы уынг, 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:

◆ Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
◆ Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
◆ Бæрнон секретарь — 5-44-37.
◆ Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:

◆ Партион-идеологон куыст — 5-54-36, 5-35-88.
◆ Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
◆ Индустрион-экономикон — 5-45-31.
◆ Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
◆ Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
◆ Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
◆ Писмоты, социалон рæзат — 5-44-57 5-63-19.
◆ Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50
◆ Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
◆ Корректортæ — 5-67-03.
◆ Изæрон редакци — 5-35-71.
◆ Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз
250 хатты, къуырыма — фондз хатты.
Индекс — 53901.
1

ЕИ 00877.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ 201

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи.
362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.